



**Nwayad se koz prensipal**  
lanmò envolonètè aksidantèl  
nan timoun ki gen ant laj en an  
a kat an.



Seri Bwochi Sou Sekirite Timoun nan Kay



“Mwen te senpleman kouri  
al pran telefòn lan...”

Pou plis enfòmasyon sou zafè sekirite nan kay,  
oswa nenpòt lòt sijè sou zafè elve timoun, rele  
Liy Asistans Telefonik pou Paran Florid lan  
(Florida Parent HelpLine) nan 1-800-FLA-LOVE.  
24 sou 24, 7 jou pa semèn.  
Apèl la gratis epi li konfidansyèl.

[www.ounce.org](http://www.ounce.org)



**Prevent Child Abuse**  
Florida



The Ounce of Prevention Fund of Florida



Kenbe **lèy** sou timoun yo.

**Evite Pou Timoun  
Yo Pa Nwaye**

# Kenbe lèy sou timoun yo.

**Sipèvizyon granmoun se estrateji prevansyon ki pi efikas ki ka genyen.**

## LÈ TIMOUN YO AP GRANDI EPI AP PASE NOUVO

etap devlopman nan lavi, anviwonman kote y ap evolye a ka gen nouvo danje pou yo.

Elimine danje pou timoun se yon travay san

bout nètale ki ogmante kantite tan sa pran

anvan timoun lan ta mete tèt li nan sitiyasyon

ki danjere.

PIFÒ ENSIDAN NWAYAD RIVE NAN PISIN; men, timoun piti ka nwaye nan dlo ki pa pi wo pase de pous.



**Timoun koule anba dlo nan pisin rapidman e an silans, kote pifò timoun ki viktim nwayad disparèt nan mwens pase 5 minit.**

### **Kloti, baryè ak alam bay yon ti pwoteksyon anplis.**

- Enstale kloti, alam pou pisin ak seri pòt oswa lòt kalite baryè depi sa posib.
- Toujou byen sekirize kouvèti sekirite ak baryè yo pou evite timoun yo gen aksè nan pisin yo, nan estasyon tèmal (spa) oswa jakouzi lè pa gen moun k ap itilize yo.
- Pa janm dezamòse yon alam oswa louvri pòt ki sèvi kòm baryè pou pisin lan.
- Aprann naje oumenm epi montre timoun yo kouman pou yo naje.
- Objè flotan ak leson naj paka ranplase sipèvizyon granmoun.
- Retire jwèt yo nan pisin lan oswa ozanviwon, sitou jwèt ou ka monte kouri sou yo.

*Chak ane gen timoun ki nwaye nan benywa, bokit, glasye, basen, rigòl, fontèn, jakouzi, twalèt, bòl dlo pou bèt domestik ak ti basen.*

Pifò lanmò akoz nwayad rive lè paran an oswa moun kap okipe timoun lan vin distre ak telefòn, sonèt pòt oswa lòt travay nan kay la.

**Timoun ka nwaye nan sèlman kèk segonn. Si w pa ta wè yon timoun, tcheke dlo a an premye.**

- Fòk toujou gen yon granmoun k ap sipèvize yon timoun lè l ap jwe nan dlo oswa ozanviwon kote ki gen dlo.
- Piga janm kite jèn timoun responsab yon timoun ki pi piti pase l oswa yon timoun l ap jwe avè l.
- Vide bokit yo imedyatman aprè w fin itilize yo epi mete yo tèt anba yon kote timoun lan paka rive jwenn yo fasil.
- Bese tèt chèz twalèt yo epi pansè pou itilize yon seri pou klete oswa yon klip pou twalèt lan pou evite timoun piti al ouvri twalèt lan.

